# "PEDIATRIYA" KAFEDRASI TARIYXI.

Pediatriya kafedrası 1992-1993 oqıw jılında TashPMI Nókis filialı Ilimiy Keńesiniń qararı menen Nókis qalasındaǵı Respublikalıq balalar klinikalıq emlewxanası bazasında shólkemlestirildi.Kafedranıń rawajlanıwına kóp jıllıq pedagogikalıq stajǵa iye bolǵan xızmetkerler m.i.k., docent, QRda xızmet kórsetken shıpaker Mambetov J.M., assistentler Nurımbetov X.B., Kudaynazarova Z.B., Kosbatırova A.N., Turdımuratova K.U., Seytimbetova B.Z., Matkarimova A.A. úles qostı
Kafedrada kóp jıllıq pedagogikalıq stajı bar, m.i.d. Mambetkarimov G.A., k.m.n., docent Matkarimova A.A., assistentler Kudaynazarova Z.B., Kusbatırova A.N., Jalekeeva P.A., Seytimbetova B.Z., Matkarimova A.A., Utegenova S.T., Turdımuratova K.O., Elmuratova A.A., Bayniyazova B.M., Kurbanbaeva R.U., Jiemuratova G., Kalmuratova B.S., Kalenderova G.K., Utepbergenova G., Begjanova N.K. isledi




1993 – 1994 oqıw jılı «Pediatriya balalar kesellikleri propedevtikası»kafedrası, 1994 – 1995 oqıw jılınan baslap kadefra «Gospital pediatriya» kafedrası bolıp ataldı, kafedranı m.i.k., docent Mambetov J.M. basqardı.
2009-2010 oqıw jılı fakultet hám gospital pediatriya kafedraların biriktirip qayta shólkemlestirildi, kafedranı m.i.k., docent Matkarimova A.A.basqardı. 2011 – 2012 oqıw jılınan baslap kadefra qaytadan «Gospital pediatriya» kafedrası bolıp ózgerdi, kafedranı m.i.d. Mambetkarimov G.A. basqardı. 2013 – 2014 oqıw jılınan baslap 2 kadefra qayta biriktirilip « BKP, fakultet hám gospital pediatriya» kafedrası bolıp ózgerdi hám kafedranı m.i.d. Mambetkarimov G.A. basqardı. 2015 – 2016 oqıw jılınan baslap kadefra baslıǵı lawazımın w.w.a.Kusbatırova A.N. Júkletildi.
2017 -2018 oqıw jılınan 2021-2022 oqıw jılına shekem kafedranı m.i.d. Mambetkarimov G.A. basqardı. 2022 – 2023 oqıw jılınan 2 kadefra biriktirilip kafedra «Pediatriya, ajusherslik, genikologiya hám neonatalogiya» bolıp qayta shólkemlestirildi, kafedranı m.i.d., professor Ataniyazova O.A. basqardı. 2023 – 2024 oqıw jılınan 2 kadefra biriktirilip kafedra «Pediatriya hám balalar xirurgiyası» bolıp qayta shólkemlestirildi, kafedranı , kafedranı m.i.k., Sabirov R.R. basqardı.

2024 – 2025 oqıw jılınan baslap kadefra qaytadan bólinip shıǵıp, óz aldına «Pediatriya» kafedrası bolıp shólkemlestirildi, kafedranı Omirova A.K. basqardı.
Házirgi waqıtta pediatriya kafedrası QMI aymaǵında, sonday-aq, Respublikalıq balalar kóp tarmaqlı medicina orayınıń klinikalıq bazasında jaylasqan bolıp, bul jerde studentler pulmonologiya, kardiologiya, nefrologiya, gastroenterologiya, allergologiya, gematologiya, OPN, funkcionallıq, laboratoriyalıq diagnostika, qabıllaw bólimi hám másláhát poliklinikasınıń qánigelestirilgen bólimlerinde bilim aladı. Kafedrada házirgi waqıtta kóp jıllıq pedagogikalıq stajǵa iye bolǵan pedagoglar Kusbatırova A.N., Elmuratova A.A., Kurbanbaeva R.U. hám jas assistentler Turmanova P., Tanirbergenova A.K., Ibraimova D., Askerbaeva X., Saburova N., Saparbaeva G., Tursınbekova N. isleydi.
Kafedra TashPMI "Gospital pediatriya," "Neontologiya," "Ambulatoriyalıq pediatriya," TMA "Balalar keselliklleri" kafedraları, AndMI, SamMI, TashIUV "Pediatriya" kafedraları, ÓzR MZ " Teoriyalıq hám ámeliy pediatriya ilimiy-izertlew institutı" menen ilimiy baylanıslarǵa iye.
Kafedra 2003-2005-jılları "Qaraqalpaqstan Respublikası awıllıq balalar populyaciyasında temir jetispewshiligi jaǵdayınıń diagnostikası, reabilitaciyası hám profilaktikası standartların islep shıǵıw" temasında GNPT boyınsha grantqa eristi. 2011-jıldan baslap kafedranıń ilimiy mashqalası " Medicinalıq-ekologiyalıq mashqala hám Aralboyı balalarınıń salamatlıq jaǵdayın kompleksli bahalaw." Kafedra tárepinen 2024-jıldan baslap "Qaraqalpaqstanda balalardaǵı tuwma keselliklerdi erte anıqlaw hám emlew usılların islep shıǵıw" temasında ilimiy jumıs alıp barılmaqta.

**ILIMIY SEZD HÁM KONFERENCIYALARDA QATNASIW;**

1.Ulıwma ámeliyat hám shańaraqlıq medicina máseleleri boyınsha tayarlıq hám oqıtıw boyınsha Sankt-Peterburg baslaması sheńberindegi ekinshi májilis.
2. Aralboyı regionında xalıqtıń salamatlıq jaǵdayına tásir etiwshi faktorlar." Xalıq aralıq ilimiy-ámeliy konferenciya. Nókis qalası, Qaraqalpaqstan, noyabr, 2006.
3.Balalardıń salamatlıǵın hám awqatlanıwın jaqsılaw ushın densawlıqtı saqlaw sistemasın bekkemlew boyınsha milliy májilis, Tashkent, 2008-jıl mart.
4. Ózbekistan pediatrlar syezdı.Tashkent, 2009-jil noyabr.
5. Ózbekstan Respublikasında bárkamal áwladtı qáliplestiriwdegi tiykarǵı baǵdarlar.Tashkent,noyabr, 2010.
6. Respublika aymaqlarında sport hám fizikalıq tárbiyanıń balalar salamatlıǵı hám rawajlanıwına tásirin bahalaw hám monitoringin alıp barıw haqqında."Andijan,may,2011.
7. "Pediatriyanıń áhmiyetli máseleleri" ilimiy-ámeliy konferenciyası. 2013-jil 3-dekabr, TashPMI.
8. Respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciyada kafedra xızmetkerleri t.i.d.Mambetkarimov G.A., ass.Utegenova S.T. qatnastı.
9. Mambetkarimov G.A. Ózbekistan Respublikası pediatrlarınıń VII syezdinde qatnastı.
10. Kafedra xızmetkerleri "Reproduktiv salamatlıq: jetiskenlikler hám rawajlanıw perspektivaları" atamasındaǵı Respublikalıq ilimiy-ámeliy konferenciyasında belsene qatnastı. 2015-jil 27-28-noyabr.
11. Kafedra assistenti A.N. Kusbatırova 2023-jıl 27-28-oktyabr kúnleri Tashkent qalasında bolıp ótken "Balalar salamatlıǵı hám qorshaǵan ortalıq" atamasındaǵı 11-xalıqaralıq konferenciyada bayanat jasadı.




**Oqıtıwshılar bilim dárejesin turaqlı arttırıp baradı:**
2024-2025-oqıw jılında kafedranıń 2 assistenti A.N.Qusbatırova hám A.A.Elmuratovalar TMAda 288 saatlıq qánigeligin arttırıw kursın ótti.

**Akademiyalıq mobillik**
Kafedra assistenti A.N.Qusbatırova 2023-jıldıń 17-24-noyabr kúnleri akademiyalıq mobillik sheńberinde S.D.Asfendiyarova atındaǵı Qazaq milliy medicina universitetinde boldı.

Kafedra assistentleri A.A.Elmuratova hám X.Askerbaevalar 2024-jıldıń 18-noyabrinen 23-noyabrine shekem akademiyalıq mobillik sheńberinde Rossiya Densawlıqtı saqlaw ministrliginiń SPbMPMUniń FDBOU JOda boldı.

Kafedra xızmetkerleri qızǵın oqıw, ilimiy jumıs penen birge, bazalıq mákemelerdiń bólimlerinde emlew hám másláhát járdemin kórsetedi. Kafedranıń professor-oqıtıwshıları xalıqqa turaqlı túrde ámeliy járdem kórsetedi: másláhát qabıllawların ótkeredi, respublika rayonlarına shıǵadı, QVP xızmetkerleri, sonday-aq, 1-sanlı medicinalıq kolledj jámáátleri menen tıǵız birge islesedi. Kafedra assistenti A.N Kusbatırova Qaraqalpaqstan medicina institutı klinikasında AQSh tıń shıpakerleri, Balalar milliy medicina orayı hám Qaraqalpaqstan medicina institutı xızmetkerleri menen birgelikte tuwma júrek nuqsanı bar balalarǵa járdem kórsetiw ilajında belsene qatnastı. Akciyanıń tiykarǵı maqseti Qaraqalpaqstannıń eń shetki aymaqlarındaǵı balalarǵa qánigeli medicinalıq járdem kórsetiwden ibarat. Sonday-aq, 2024-2025-oqıw jılında kafedra xızmetkerleri A.K.Omirova, A.N.Kusbatırova, X.Askerbaevalar Qaraqalpaqstan Respublikasınıń barlıq rayonlarında 5 jasqa shekemgi balalardı medicinalıq tekseriwden ótkeriwde qatnastı.





Kafedra xızmetkerleri kóplegen seminar hám konferenciyalarda qatnastı: IMSI, Racional awqatlanıw hám anemiya, TEMPUS, Kókirek suti menen awqatlandırıwdıń áhmiyeti, Qáwipsiz analıq, Balalardıń ósiwi hám rawajlanıwı monitoringi, Reproduktiv salamatlıq, Pediatriya mashqalaları boyınsha ilimiy konferenciya (Samarqand qalası), interaktiv usıl boyınsha konferenciya (Buxara qalası).

Kafedrada 2004-2005-jıllardan baslap pediatriya qánigeligi boyınsha klinikalıq ordinaturadan ótedi.